



**Chèche jwenn enfòmasyon:**

**Redui Chans Ou Genyen  
Pou Kansè Nan Gwo Trip la  
Devlope Lakay Ou**



## Redui Chans Ou yo pou Kansè nan Gwo Trip la Devlope Lakay Ou

---

### Kisa kansè nan gwo trip trip la ye?

Kansè nan gwo trip (oswa kansè kolorektal) devlope nan gwo enstesten (gwo trip) ak/oswa rektòm lan. Erezman, tès depistaj



regilye ka anpeche sa rive oswa l ka pèmèt ou dekouvri l bonè, moman kote trètman yo souvan pi efikas la. Gen plizyè

fason ou ka fè despitaj pou kansè nan gwo trip. Kolonoskopi yo pèmèt pwofesyonèl swen sante yo detekte ak retire polip yo—oswa timè yo—nan gwo... nan gwo trip la oswa nan rektòm lan pou yo ka anpeche kansè. Gen lòt fason (pa egzanp, tès yo fè ak poupou) mande pou genyen yon suivi kolonoskopi ki fèt pou moun tès depistaj montre ki pozitif yo.

### Siy ak Sentòm yo

Sentòm kansè nan gwo trip yo se lè ou poupou ak san oswa gen san nan rektòm lan, se lè ou pèdi pwa, se lè ou genyen dyare oswa lè ou konstipe san rete. Siy moun ki genyen kansè nan gwo trip yo pa parèt lapoula; ou dwe fè tès depistaj la menm si ou santi ou ansante.



## Bagay Ki Ogmante Chans Pou Maladi A Devlope Lakay Ou

Ou ka gen plis chans pou maladi a devlope lakay ou si ou genyen:

- Fanmi ou ki te fè kansè nan gwo trip oswa polip avan kansè
- Polipoz adenomatez familyal (FAP, Familial adenomatous polyposis) oswa kansè kolorektal ereditè san polipoz (HNPCC, hereditary nonpolyposis colorectal cancer), yo rele l tou sendwòm Lynch
- Kolit ki gen ilsè oswa maladi Crohn

Si ou genyen nenpòt nan bagay ki ogmante chans pou maladi sa a devlope lakay ou, pale sa ak pwofesyonèl swen sante ou la. Li ka nesèsè pou ou fè tès depistaj la bonè.



Si ou pa gen asirans, ou ka kalifye pou ou enskri nan asirans ki gratis oswa ki bon mache. Ou ka rele nan

**311** oswa ou ka voye yon mesaj tèks bay CoveredNYC nan 877877 epi ou ka resewa èd gratis pou ou ka enskri dirèkteman. Pou ou kapab konn plis bagay toujou sou tès depistaj ki gratis oswa tès depistaj bon mache, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) la epi chèche **“colon cancer” (kansè nan gwo trip)**.



## TÈS DEPISTAJ

Gen plizyè fason ou ka fè tès despitaaj pou kansè nan gwo trip, ansanm ak tès vizyèl ak tès yo fè ak pou pou. Tès ki sou lis pi ba a epi ki gen yon ti asterisk (\*) ki vin aprè l mande pou gen yon **suivi kolonoskopi atan ki fèt** pou moun tès depistaj montre ki pozitif yo.



**Yo fè tès vizyèl yo** pou yo ka gade pou yo wè si genyen tisi ki parèt dwòl nan gwo trip la oswa nan rektòm lan:

- **Kolonoskopi**
- **Sigmoyidoskopi fleksib\***
- **Kolonografi pa mwayen tomodynamometri (CT, computerized tomography)\***



**Yo fè tès ki fèt ak pou pou yo** pou yo ka gade pou yo wè si genyen siy kansè nan pou pou:

- **Tès Iminochimik fekal (FIT, fecal immunochemical test)\***
- **Tès san ki nan pou pou moun pa ka wè ak je ki fèt ak gayak ki sansib anpil (HSgFOBT, high-sensitivity guaiac-based fecal occult blood test)\***
- **Tès ADN nan Pou pou ki gen Plizyè Sib (FIT-DNA, multi-target stool DNA test)\***

Pou ou ka jwenn plis enfòmasyon toujou, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) la epi chèche **“colon cancer screening”** (depistaj kansè nan gwo trip).

## **Kesyon yo Poze Souvan**

### **Kilè m dwe kòmanse fè tès pou kansè nan gwo trip?**

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la sou chans ou genyen pou maladi a devlope lakay ou. Pifò moun ta dwe kòmanse poze kesyon sou tès depistaj la apati 45 lane. Mou ki gen plis chans pou maladi a devlope lakay yo dwe kòmanse fè sa pi bonè.

### **Mwen santi m ansante. Èske m dwe toujou al fè tès depistaj la?**

Kansè nan gwo trip ka pa lakòz ou santi siy maladi a lapoula. Menm si ou santi ou ansante ou dwe al fè tès depistaj la. Lè yo jwenn polip yo epi yo retire yo bonè, sa ka anpeche ou gen kansè nan gwo trip.

### **Ki tès depistaj ki pi bon?**

Chak tès depistaj genyen avantaj ak enkonvenyan ki pa menm. Poze pwofesyonèl swen sante ou la kesyon pou ou ka konnen ki tès ki koresponn ak bezwen ou yo.

### **Kisa ki pase lè tès la fin fèt?**

Sonje fè suivi yo! Mande pwofesyonèl swen sante ou la kilè ou dwe fè lòt tès depistaj pou kansè nan gwo trip la.

### **Èske asirans mwen an ap peye tès depistaj la avan m gen 50 lane?**

Pifò plan asirans yo, ansanm ak ni Medicaid ni Medicare, peye tès depistaj kansè nan gwo trip pou moun apati 50 lane. Asirans tès depistaj avan 50 lane varye. Poze pwofesyonèl swen sante ou la kesyon sou chans ou genyen pou kansè nan gwo trip la devlope lakay ou, epi verifye si konpayi asirans ou an peye tès depistaj la avan ou fè l pou ou ka evite peye lajan ou pa t prevwa depanse. Gen plizyè opsyon tès depistaj; genyen ki pi bon mache pase lòt.



## Gen lòt Fason Ou Ka Redui Chans pou Maladi A Devlope:

- Kite pwa ou nan yon nivo ki bon pou sante ou epi fè aktivite fizik regilyèman.
- Pa manje anpil vyann yo transfòme (pa egzanp, janbon, òtdòg, vyann frèt).
- Si ou konn fimen, aranje ou pou ou ka sispann fè sa. Si ou bezwen èd pou ou ka sispann fimen, rele nan **311** oswa ale sou sit [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) la epi chèche “**NYC Quits**” (**Sispann fimen NYC**).
- Lè ou bwè alkòl sa ka ogmante chans pou kansè nan gwo trip la devlope lakay ou. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) la epi chèche “**alcohol and health**” (**alkòl ak sante**) pou ou kapab jwen plis enfòmasyon toujou.

## Pou Ou Ka Jwenn Plis Enfòmasyon Toujou

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) la epi chèche “**colon cancer**” (kansè nan gwo trip).

Sosyete Kansè Ameriken  
(American Cancer Society)

[cancer.org/cancer/colon-rectal-cancer](https://cancer.org/cancer/colon-rectal-cancer)

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi  
(Centers for Disease Control and Prevention)

[cdc.gov/cancer/colorectal](https://cdc.gov/cancer/colorectal)

Enstiti Nasyonal pou Kansè  
(National Cancer Institute)

[www.cancer.gov/types/colorectal](https://www.cancer.gov/types/colorectal)

Depatman Sante Eta New York  
(New York State Department of Health)

[health.ny.gov/diseases/cancer/colorectal](https://health.ny.gov/diseases/cancer/colorectal)